



# Yon seri difikilte nan aprantisaj kreyòl lang etranjè

Marie Rodny Laurent Estéus  
Lengwis, Akademisyen

---

# Ki sa nou rele difikilte?

- Se tout yon seri aspè nou jwenn nan lang nan men ki pa oblije egziste nan lòt lang. E kòm yo pa kouran nan lòt lang yo, yo bay difikilte pou etranje kapte yo vit lè y ap aprann kreyòl.

# Entwodiksyon

- Lekti paj 2 + kèk esplikasyon si sa nesesè

# Sentaks

- Sentaks se branch nan lengwistik ki etidye lòd mo yo suiv pandan sijè palan an ap konstwi lide li. Lide sa yo parèt sou fòm fraz. Se lòd mo yo respekte a k ap pèmèt pawòl sijè palan an genyen sans. Ki fè, ranje mo nan lòd pou fè fraz se yon egzèsis ki marye ak sans.
- Anndan lòd sa a nou rele sentaks la, nou jwenn divès kategori mo, selon tip fraz lokitè a fòm a. Premye kategori mo ki enterese nou nan prezantasyon sa a se : detèminan defini

# 1-Detèminan defini/atik defini

- Lè yon aprenan ap aprann kreyòl, kit lang matènèl li se anglè, Fransè oubyen Espayòl, l ap genyen difikilte ak detèminan defini an an kreyòl pou 2 rezon :

# Diferans ak lòt lang

1. *pou plas detèminan defini an okipe nan fraz la* : aprenan an pral aprann memorize plas detèminan an. Depi li fin konnen règ ki di detèminan defini an chita dèyè non li mache avè l la, aspè sa a parèt fasil. Men, an reyalite se nan dezyèm etap la (varayasyon fonolojik) pwoblèm yo plis chita.

2. *pou varyasyon detèminan* : detèminan an pran plizyè fòm selon kalite son ki fini non/mo ki parèt anvan li a. Se yon branch nan lengwistik yo rele fonoloji ki kontwole varyasyon sa yo. Pou yon aprenan sonje varyasyon sa yo, sa ka mande li yon kapasite memorizasyon, si pwofesè a pa an mezi pou li demontre règ ki chita anba varyasyon fonolojik sa yo (mwenn deja tande aprenan ki di “moun an/moun la” nan plas “moun nan”).

## *Atik defini “a”*

Egzanp:

Anana **a**, manje **a**, peyi **a**,  
mango **a**, aransò **a**, lakou **a**

Se egzanp ki montre klè : depi non an fini ak yon vwayèl oral (vwayèl ki pouse son nan bouch sèlman), detèminan defini ki mache dèyè non sa a se “a”.



**Karakteristik  
tèminezon non  
an**

**V.O**

**Konpozisyon  
atik defini an**

**V.O**

**Men atansyon ! Pou mo ki fini ak vwayèl “i” oswa “ou”, si nan dènye silab ki fini non sa a, genyen yon konsòn nazal k ap gouvènen l, se atik defini “an” k ap pran plas dèyè non sa a.**

**Egzanp :**

**Joumou an, fwomi an/foumi an, mi an, jenou an, cheni an**

## Atik defini “an”

Egzanp non ki mache avè l :

**dan an**, **chen an**, **pon an**,

Analiz egzanp sa yo montre

son ki fini tout non sa yo se yon

vwayèl nazal, konsa,

detèminan ki mache ak

kategori non ki fini ak yon

vwayèl nazal se “**an**”.

**Karakteristik  
tèminezon  
non an**

**V.N**

**Konpozisyon  
atik defini an**

**V.N**

## **Atik defini “la”**

Egzanp :

**mab la, tach la, goud la, raf  
la, règ la, gòj la, makak la, lwil  
la, mòp la, tas la, pòt la, liv la,  
kaw la, kay la, dòz la.**

# Obsèvasyon

- Nan ka sa yo, 2 dènye son ki fini non an jwe yon wòl enpòtan nan prezans atik defini an. Konsa, nou ka remake tout non yo fini ak yon konsòn oswa ak demi vwayèl “w” ak “y” (premye remak).
- Dezyèm remak : tout konsòn ak demi vwayèl sa yo se son ki soti nan bouch, sa vle di yo se konsòn ak demi vwayèl oral.
- Twazyèm remak : anvan tout konsòn oswa demi vwayèl sa yo, nou jwenn yon vwayèl, e vwayèl sa yo se vwayèl oral. Ki fè, se 3 kondisyon ki esplike prezans atik defini “la” apre yon non/mo.

**Karakteristik  
tèminezon non  
an**

**V.O + K.O**

**Konpozisyon  
atik defini an**

**K.O +V.O**

# Atik defini “lan”

Egzanp :

**dans lan, mant lan, rens lan,  
pens lan, peny lan, ponp lan,  
mont lan, mons lan.**

Fenomèn ki kache dèyè  
egzanp sa yo chita nan 2 son  
ki fini non an. Tout non sa yo  
fini ak yon vwayèl nazal plis  
yon konsòn oral oswa yon  
demi vwayèl



**Karakteristik  
tèminezon  
non an**

**V.N. + K.O.**

**Konpozisyon  
atik defini an**

**K.O. + V.N.**

## Atik defini “nan”

Egzanp :

pòm nan, chanm nan, fèm nan,  
kabann nan, pwoblèm nan, chèn nan,  
mòn nan, moun nan, lenn nan, machin  
nan, planing nan, planin nan.

Obsèvasyon nou fè montre nou tout  
non sa yo fini ak yon konsòn nazal.

Menm si vwayèl ki vini anvan konsòn sa  
a ta oral oswa nazal, sa pa chanje  
anyen. Se konsa, non ki fini ak yon  
konsòn nazal mache ak atik defini  
“nan”.

Karakteristik  
tèminezon non an

V.O/V.N. + K.N.

Konpozisyon atik  
defini an

K.N. +V.N.

**Remak** : Nou obsève genyen kote itilizasyon detèminan “nan” ak “lan” vin fakiltatif, sa vle di yo ka itilize youn nan plas lòt. Egzanp : moun lan/moun nan ; lang lan/lang nan ; pòm nan/pòm lan. Se toujou an prezans yon konsòn nazal ki fini mo ki vini anvan detèminan an.

Kòm konklizyon, se yon seri **règ fonolojik** ki jere egzistans detèminan yo. Konsa, se karakteristik vwayèl ak konsòn ki nan finisman non/mo yo ki pral defini ki fòm atik defini an ap pran.

Anpil fwa, atik defini an pa chita dèyè non an dirèk dirèk, li pran yon plas byen lwen nan fraz la. Lè sa a, atik ki konn mache ak non an chanje, selon mo ki vin pi pre li a.

Egzanp : Machin (~~nən~~) pitit Mari Elsi **a** kraze. Ki fè, règ fonolojik yo chanje dapre sentak, sa vle di dapre pozisyon non an anndan fraz la, men kit “**a, an, la, lan, nan**” se yon sèl atik defini ki prezante sou divès fòm.

## 2- Absans entèmedyè ant sijè a ak yon atribi

Plizyè lang genyen yon estrikti S+V+Adj pou yo kalifye yon moun, yon objè oswa dekri yon evènman. Lang kreyòl la konstwi sentaks li yon manyè ki diferan : S+Adj.

Egzanp :

The house **is** beautiful (anglè)

La maison **est** belle (fransè)

La casa **esta** linda (espayòl)

Kay la bèl (kreyòl)

Nan ansèyman kreyòl lang etranjè, aprenan mwen yo konn eseye di :

\*Li se bèl

Sa soti nan lang yo genyen kòm referans nan tèt yo pou yo fè aprantisaj kreyòl la.